




Odisyon Piblik Vityèl Sou Plannifikasyon Kontwòl Trafik nan Ellis Elementary

Sa k ap pase?

Rezon pou Odisyon Piblik sou Plannifikasyon sa a, se pou bay piblik la yon chans pou li byen konprann Pwojè Wout Sekirize pou Amelyore Trafik ki mennen nan Ellis Elementary nan Boston, MA a. Tout kòmantè ak opinyon moun fè konnen nan odisyon an pral analize ak pran an konsiderasyon nan mezi maksimòm ki posib.

Ki konsekans sa pral genyen pou ou?

Kounye a, koridò Walnut Street la gen pwoblèm vitès nan sikilasyon, epi gen yon bezwen pou fè aktivite nan trafik yo pi klè nan entèseksyon Abbottsford Street ak Crawford Street la, epi pasaj pyeton an twò long pou travèse Humboldt Avenue nan nivo Munroe Street/Humboldt Court. Yo pwopoze bati pasaj pyeton an wotè sou Walnut Street, ak revize jeometri sou Abbottsford ak Crawford Street, epi bati yon refij medyan pou pyeton k ap travèse Humboldt Avenue nan nivo Munroe Street/Humboldt Court pou amelyore sekirite pou chofè ak pyeton yo.

Kilè

Mèkredi 27 septanm 2023
ant 7:00 pm ak 8:00 pm.

Pou Patisipe

www.mass.gov/orgs/highway-division/events



Pou MassDOT sèten moun ka patisipe fasil nan reyinyon li yo, li mete mwayen rezonab: tradiktè, entèprèt, modifikasyon, akomodasyon, fòm altènatif, ak èd epi sèvis oksilyè. Pou mande fè aranjman sa yo, ou mèt kontakte Responsab pou Divèsite ak Dwa Sivik MassDOT la nan nimewo 857-368-8580 oswa nan adrès MassDOT.CivilRights@dot.state.ma.us. Pou bay ase tan pou aranjman sa yo, tanpri fè demann ou pi bonnè ou kapab, kidonk ant 10 ak 15 jou anvan aktivite a si sa posib.

Ou mèt mande enfòmasyon sou Pwojè a tou nan adrès elektwonik MassDOTProjectManagement@dot.state.ma.us. Si ou gen nenpòt deklarasyon ekri sou travay yo pwopoze yo, voye li nan adrès sa a: **Carrie A. Lavalley, P.E., Chief Engineer, MassDOT, 10 Park Plaza, Boston, MA 02116, Attention: PROJECT MANAGEMENT, PROJECT FILE NO. 610537.**